



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.



REGNIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taon . . . . . f 6,— } njoewoen kabajar
1/2 .. . . . f 3,— } roemijin.
3 woelan . . . . . f 1,50

Adrèsiipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Telefoon no. 795.



Drukkerij „Canisius” Djokja.

PRADJA RAHAJOE.

TANGGAP WITJARA:

Kagem lelimbangan sad. Rr. Triati.

Noewoen. Sadèrèngipoen panjerat nglairaken gagasan, sanget noewoen doemateng Rama Redacteur, déné karsa maringi papan ing oedyana ngriki. Sarta njoewoen pangaksama datang para maos.

Ing Swara Tama no. 36 wonten goebahanipoen sad. Rr. Triati, aserirah: „Dadosa penggalihan.” Keparanga koela njaosi boemboe mbok bilih saged mewahi miraosipoen, soekoer jèn ragi saged namaraken pedes, pait getir ing pangalihipoen sad. kaseboet.

Mitoeoet kawontenaning mondok, panjerat oegi sampoen ngalami: Kirang seneng, kirang marem.

Saking pamanggihipoen panjerat, djalaranipoen makaten:

a). Boten saé tedanipoen. Tegesipoen ingkang kasadjakaken boten tjotjog lan kadjengingipoen, oetawi pakaremanipoen.

b). Boten kaleresan papanipoen. Kirang resik, kirang sekétja, kirang asri sasaminipoen.

c). Kirang mardika. Boten saged sakersa-kersa; djer kedah ngengeti wantji pranataning grija ngriko.

d). Pambajaring teda kamanah kawisen.

Mengguh kirang pamarem, panjerat boten njaosi limbangan, amargi gadah kejakinan jèn: Pamarem poenika alam ngriki boten wonten; katanda: Tijang sampoen pinter taksih kepéngin saja pinter. Jèn sampoen kadoemoegén sedyanipoen meksa dèrèng marem. Samanten oegi tijang soegih, njamboet damel, pangkat sasaminipoen, tansah boten marem-marem.

Samangké gentos nggalih para ingkang dipoentoempangi.

Inggih ingkang dipoentoempangi ratjak sampoen sami mengkoe balé grija, pepoetra; lan oegi njamboet damel kanggé pangoepea djiwa. Tetijang waoe oegi gadah koewadjaban lan tetanggalan. Kadosta: Prijantoeipoen djaler nggadahi koewadjaban ngoepados goena kaja kanggé nggesangi brajat. Ananggal brajatipoen moerih tansah djendjem gesangipoen, kanti kadidik sapantesipoen, moerih sampoen ngantos toeni ing gesang.

Prijantoeipoen èstri wadji anggemèni woeloe-wedaling panjamboet damelipoen kakoeng, moerih tjepak kanggé betahing balé grija, soekoer bagé saged tirah. Mila kalabetan tina-tini panjamboet damelipoen, aloewoeng rekaos sakedik, katimbang ngedalaken arta ingkang rémèh tandjanipoen. Koewadjaban waoe taksih kaembèl-embèlan nggoela-wentah, lan nanggal poetrantipoen, moerih saged dados djanma oetami ing pawingkingipoen.

Samangké mangga kagatoekaken kalijan eisch kita tijang mondok.

a. Koela pamondok ngadjeng-adjeng kaleresan tedanipoen kanti saé-rah (boten awis ning saé). Inggih dipoentoempangi pamanggihipoen makaten: „Mangan ikoe la-woehé loewé; angger akoe njamboet gawé sregep, mepeng, sport enz. mangankoe sanadyan paribasan sega karo sambel ja énak, mirasa; kebeneran. Jèn mangan tjara wong soegih kanti mboeri grobjangan! mesakaké!” Mangka boetoeh lijané isih akèh kang koedoe dirampoengi nganggo doewit. Oepama: Swara Tama, Soera Kath., Koerier, Padjeg, Contributie. Bajaré tolé enz. Bilahi tenan, jèn mangan énak-énakan. Apa ora njwara-Tama, Ngoerier, ngroekti Woeri? Dados ingkang dipoentoempangi kepeksa ngirit-panedanipoen, kabekta katah koewadjabanipoen. Mangka betah koela inggih boten sekedik, sami kémawon lan ingkang gegrija namoeng kaot sa-branjat lan poetra réntjangingipoen. Branjat koela meksa boten djendjem margi sampoen kéjtalan pambajaring teda boten sakedik, nanging kirang mèmper wedalipoen.

Jèn makaten poenapa loewoeng djadjan! miraos. boten anjel.

b. Papan ingkang koela senengi kaleresan. Mangkoe margi, asri, saé, resik, redja, toer tjelak papan padamelan, tjepak lan kabetahan koela saben dinten. Pangadjeng-adjeng ingkang makaten waoe kinten koela tangèh tjotjog lan kadjenging ingkang dipoentoempangi. Djer kabetahanipoen mboedjeng tjekaping perloe, saéning toemindak, tentrem.

c. Kamardikanipoen penoempangi: Toemrap sadèrèk ingkang noempang ratjak taksih lamba. Adatipoen jèn tansah ndoewel wonten pondokan kirang sekétja. Kedah tjarik angin oetawi mepeng sinaoe, cursus Walandi, engelsch, Boekhouding, mepeng datang pakempalan ngantos asring-asring kirang merlokaken oetawi nggalih ingkang pinondokan. Bab lelampahan ingkang makaten waoe oegi asring ndadosaken kirang sami sakétjaning manahipoen ingkang dipoenpondoki, malah asring seling serap kalijan èstri, roemaos padamelanipoen boten dipoenaoisi déning pemondok. Mangka panggalihanipoen prijantoeipoen poetri poenika landep; mila jèn kirang pangatos-atos asring bertjèk—tjokan.

d. Bab kost-geld koela pemondok pados mirah timbang lan sadajanipoen. Prakawis poenika boten gampang sadèrèk. Boten gampang lelanjangan kalijan prijantoeipoen ingkang mila kadjabah ngoebengaken arta rintin daloe moerih kasampédan betahipoen gegrija. Amargi oegi asring kelampah sanadyan mbajar katah f 25 of f 20 teda kasami lan ingkang mbajar f 10 oetawi sémahipoen ingkang nrimahan. Inggih ingriki poenika oenderan ingkang gampang andjalari gatik. Prijantoeipoen poetri gadah wadji gemit, koela neda semoea. Wonten ngriki prijantoeipoen poetri bingoeng. Manoe koela penoempangi poenapa netepi wadji. Jèn manoe koela, koela seneng, jèn manoe kedah netepi wadji, koela béka. Saking wawasaning panjerat: saé kapedet tengah-tengah, soepados sami sakétja toemindakipoen.

Bab pandjaginingipoen: penoempangi oegi asring kirang seneng. Djalaran asring noekoelaken seling serap, karana koela seneng wiji, ngriko ngendalèni. Langkoeng-langkoeng idam-idaman samangké bab kamardikan. Inggih sanjatanipoen kamardikan kanggé manoesa ingkang soewita ing Allah poenika tansah ingamping-ampingan angger-angger ing lan anggering Pasamoan Soetji. — Mila asring kelampahan sadèrèk mondok contra kalijan ingkang dipoenpondoki, margi roemaos kajahak kamardikanipoen ing bab kasoelasan. Pangraosipoen ingkang djagi boten gadah wenang.

Mengguh oengel-oengelaning sadèrèk: „Jèn ora gelem mbajar seméné, manggon saanané, ja loengga.” Sad. Rr. Triati: „Hla tjilaka ané, harak kados-poendi raosing manah?” Poenika kanggé panjerat: mawimawi. Liripoen walak-walak ingkang dipoentempoengi. Manawi koela blandja f 30 of f 25 badé noempangi prijantoeipoen K.S.er oetawi H.K.S.er ingkang daharipoen saé, satimbang lan salarisipoen, mangka kijat koela mbajar f 10 oetawi f 12,5 (50% kekijatan) teda neda sami lan huisbaas, rak meroegikan toewan roemah, mangka kita boten kénging damel pitoena. Poenapa badé kesakit-sakit jèn katampik. Harak boten.

Mila oegi sampoen kesoepeñ mawas prijantoeipoen ingkang daharipoen padintenan sakinten timbang lan arta ingkang badé kapantjèkaken tedanipoen ngriki. Dados boten wonten raos-roemaos boten tentrem. Sampoen ladjeng ngadjeng-adjeng: „pangan apik toer satitik pambajaré.” Wondéné pamanggihipoen sad. Triati (sagedipoen roedjoek, inggih poenika kedah ngertos koewadjabanipoen pijambak-pijambak) koela ragi mak greg. Mengguh pamanggih

ISINIPOEN.

Tanggap witjara — Bebajanipoen méndring — Dongèng — Poenapa kirang djampi enz. — Tindak kirang sakétja — Moendoeripoen goena enz. — Poespiia mantja warna — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

koela, kilap leres lan botenipoen, soemangga:

Sagedipoen roedjoek, langkoeng roemijin kadoengkap sambang lirangipoen, — kawontenanipoen — wewatekanipoen — sarta sampoen ngantos wonten raos peksan. Jèn sampoen katjondongan, sami karsa:

1. Samad-sinamaan. Penoempangi sampoen angatngalaken doepèh sampoen netepi djandjinipoen, ladjeng anggadhahi kaoemoekan. Jèn kirang kaleresan wenang ngawoese, apes mblebes mbalang oelat bening—leri. Nanging ngroemaosana jèn kapitoeloengan ing sanès bab kabetahanipoen sawatawis déning tijang ingkang sampoen gadah sesanggeman awrat. Samantena ingkang dipoentoempangi oegi sampoen kawidjèn „tinggi hati” doepèh roemaos noeloengi ngolah-olahaken lan ndjagi, nanging roemaosa jèn toeloeng-tinoeloeng poenika wadji gemit gesang sesrawangan. Aloewoeng sami anggadhahana panganggep bilih poenika koeli dagingipoen pijambak, toenggi jaja-jaja.

2. Ngindakaken tepa-sarira: Liripoen penoempangi sampoen anindakaken poenapa-poenapa ingkang adamel rekaos — saha pitoenaning sadèrèk tinoempangan agengipoen adamel pinggeting manah. Kadosta: Jèn tindakan tanpa prasaben, ngantos dados entos-entosan, sadijian moebadiri, tinengga agelagelik boten kondoe-kondoe. Sareng katilar tilem rawoeh adamel kagèt, langkoeng-langkoeng saweg wonten ingkang sakit, sasaminipoen, oetawi damel kirang sakétjaning tangga tepalih, margi boten angèn kosok sanaes wantjining ramé-ramé, oera-oera enz. Inggih makaten poenika kadjaban damel rekaosing manahipoen ingkang pinondokan, oegi tangga tepalih. Awonipoen doemawah ingkang ngladosi.

Makaten oegi poen tinoempangan oegi sampoen damel pranatan warni-warni, toemrap badanipoen pijambak lan penoempangi; dados sampoen binéda tjara. Sarta sami prajogi ngwontenaken manah kasabaran.

Angèntana reratjikan kina poenika: Wekaskoe adja lali, jwa ngegoengaken raga, élinga pada djanma, riratri anandoekna, tepaning awakira.

Jèn sira nora dangan kataman samoebarang, kang toemandoe ing sira. Mrih hardja: ajwa sira tandoecken maring lijan.

3. Adjèn-ingadjenan: Samija angroemaosi bilih penoempangi oetawi ingkang tinoempangan djaler èstri waoe nadyan djanma nista-papaboten asli, pantes sami adjèn-ingadjenan sampoen pisan ngatngalaken langkoeng loehoer — pinter — enz. Èngeta: Sing sapa kepéngin diadjèni, ngadjènan disik.

4. Tresna-tinresnan, poenika kedah. Lan saleresipoen poenika ingkang mengkoe sadajanipoen, inggih ndjagi, ngaosi, mitoeoengi, tepa, narimah, adjèn-ingadjenan enz. Dados kita Kath. kedah lebet tandjaning katresnan kita katimbang sad. sanès kapitadosan. Déne witing tresna tan lija saking koelina. — Wonten oengel-oengelan: Tjarang wreksa, wreksa wilis tanpa patra. Nora gampang oeripé nèng ngalam donja, teka inggih mèmper nanging sampoen koewatos.

— Aksamanta jèn wonten lepat koela.

Noewoen. Rr. Madyati.

ECONOMIE.

BEBAJANIPOEN MÉNDRING.

Manawi koela niling-nilingaken, oetawi mireng raroanipoen tijang-tijang, tijang poenika manawi te-toembas remen méndring. Dalasan ingkang gadah barang kémawon pisan inggih akèn méndring. Tandaniipoen manawi koela ningali wonten advertentie oetawi toko ingkang sami ider toeroet doesoendoeso. Ing serat kabar kita Sw. Tm. kados sampoen naté ngrembag bab awon lan saénipoen méndring, mila sapoenika ingkang badé koela atoeraken bab babajanipoen tijang méndring.

Gèk sinten tijangipoen ingkang boten kapéngin méndring, namoeng kéjtalan arta sakedik kémawon saged angsal barang regi atoesan; nanging émanipoen awis ingkang ngengeti babajanipoen oetawi awratipoen ing wingking. Mengguh babajanipoen méndring ingkang kerep kalampahan poenika warni-warni.

1. Saged ndjalari dipoenboei (inggih poenika dipoenboei ingkang nedani tijang ingkang akèn mboei waoe). Déne sagedipoen dipoenboei ingkang kados makaten poenika: méndring barang oetawi arta ingkang boten saged ngladjengaken nitjil. Mangka barangipoen sampoen boten wonten. Manawi barangipoen taksih saged ladjeng namoeng tjepak barangipoen kadjabel. Saweg namoeng kadjabel pisan gèk pinten poenika toeninipoen. Mengguh ingkang saged kalampahan makaten poenika limrahipoen méndring arta oetawi méndring barang ingkang gampang panjadénipoen oepami: ranté, djam, gelang lsp. Déne manawi roepi pit oetawi zinger (mesin) kados angèl panjadénipoen: tijang manawi njadé kedah nganggé prantanda manawi sampoen kabajar loenas. Sapoenika kados poenapa kasangsaranipoen tijang ingkang dipoenboei kados makaten poenika.

a. Aosing badanipoen temtoe soeda.

b. Anak rajatipoen makaten oegi ahli warisipoen tamtoe sami soesah. Mangka sagedipoen ngedalaken tijang ingkang kaboei waoe: manawi sampoen saged mbajar samboetan lan arta teda ing salebetipoen kaboei poenika. Mila manawi kepéngin ngedalaken inggih kapeksa njadé poenapa gagadahanipoen.

c. Boten saged angsal pangoepeadjiwa: dados tamtoenipoen kapiran, bab ing sadajanipoen toemrapping anak rajatipoen. Toemrapping para sadèrèk ingkang njamboet damel dines oetawi tampinipoen blandja saben woelan, taksih saged tami blandja: Nanging manawi ngantos dangoe poenapa boten.

d. Badé ngrisakaken balé grija: gèk sinten ingkang badé ndjagi grijanipoen!

2. Manahipoen boten saged tentrem (tansah koemrengsoeng) awit manawi tanggal nem kapeksa „doea belas ingatan bekerdja” inggih poenika manata arta ingkang kanggé tjtjiljan lan betah sanèsipoen.

Wondéné manawi manahipoen boten tentrem tamtoe kémawon toemoesipoen dateng pandamelan awon. Lah kados-poendi manawi pandamelanipoen awon; saged ndjalari poenapa . . . .

Sapoenika genah sampoen tjeta manawi katah tijang ingkang sangsara margi kados makaten, la kok prijantoeipoen ingkang bajaran poenika, manawi boten gadah borg boten kénging njamboet dateng bank. Lan bank boten ngwontenaken tanggoeng rénten. Poenapa bank boten pitados dateng prijantoeipoen bajaran poenika. Lah déne manawi njoewoen voorschot poenika kok tamtoe sah-ipoen.

Mila inggih boten nggoemoenaken manawi para prijantoeipoen ing Salatiga oetawi Semarang poenika katah ingkang nradjang dateng rentenier, oetawi sangsara margi kados ingkang kasebat.

GARIS: Karangdjati.

„DONGÈNG.”

Manawi koela anjarjosaken lelampahanipoen (Administratienipoen) sanak sadèrèk, tangga tepalih, memitran lan sanèsipoen, poenika saged andadosaken kirang prajogi kedadosanipoen, apes-apesipoen andjalari dados ing pasoealajan. Mila saking poenika, ing riki koela andaraken kawontenan (administratie) koela pijambak, wiwit koela tjepeng damel blandja alit doemoegi sapoenika blandja saktjekap.

Rikala koela wiwit njamboet damel sapisanan, dasar taksih laré saged tami blandja, senaosa saweg sakedik blandja koela, ananging koela sampoen roemaos seneng, seneng koela waoe, déne koela ladjeng boten dados damelipoen tijang sepoeh koela inggih sami memoedji sjoekoer, déne koela sampoen saged ngoepados teda pijambak.

Mengguh ingkang badé koela atoeraken waoe, boten sanès namoeng anggén koela ngoebetaken betah ing saben dinten-dintenipoen, noeroeti krenteging manah (noeroeti karsaning prijangga).

Rikala blandja koela taksih sakedik, administratie koela saged bèrès, saben sawoelanipoen saged gadah tirahan seroepijah oetawi kalih roepijahan, amargi inggih namoeng sak narimah, oepaminipoen:

I. Panganggé bangsa mirah-mirahan; sindjang tjap, djas léna ngawan-kepan enz; terkadang djas koem-bahan pijambak (boten sèttikan).

II. Neda trimah sekoel djangan, ngombé trimah wédang bening terkadang toja-tawa (sanès air ès).

III. Ses; ses wiroe (rokok klobot mbako semproel) asring-asring malah boten ses.

IV. Kekésahan sakinten namoeng 3 paal tebihipoen trimah darat.

V. Boten sieng-sieng kedah toembas; késah djagong kémawon awis-awis, senaosa djagong inggih trimah ngempal golongan ngoelama, perloenipoen boten main domino, pèi, kowah sapanoenggilanipoen.

Tjekakanipoen pikadjenan namoeng narimah.

Ananging, dangoening dangoe njamboet damel saja dangoe, blandja saja pikadjenan, blandja mindak-mindak, pikadjenan oegi mindak (inggih boteeeseen!!!).

Kawoeningana rikala blandja koela saweg radi mèmper, pikadjenan koela No. I, II doemigi V waaaah sampoen mindak tiket kaping pintenipoen kémawon, malah pados saldo kémawon kewedan.

Sareng koela angsal alangan kèndel saking pandamelan, ing mangka boten gadah tjélèngan, tijang sepoeh koela ladjeng sami anoetoeh ing badan koela, djalaran koela: manawi gadah blandja boten ènget tembé wingking (sak mangsa-mangsa nganggoer) woesanipoen namoeng tansah nandang redatin.

Boten antawis woelan ing sarèhing badan dèrèng poeroen kesakit-sakit, ladjeng angsal pandamelan, ing riki koela ladjeng gadah nijat, andandosi administratie koela, sampoen ngantos kados ingkang sampoen-sampoen.

Éwasamanten sareng sampoen angsal watawis woelan, meksa ladjeng kedah sing-sing.

Dangoening-dangoe blandja sampoen radi mèmper, pikadjenan koela waoe saja tambah tiket-tekoek; mrika kedah ragad arta, mriko kedah tjoetjoel arta, hlawong koela kerep kémawon, manawi késah toetowi, doemoegining enggèn namoeng kaadjak tjagak-lèk, oepami pèi, manawi koela wangsoeli, emoh ora bisa; — totit — ja emoh — kowah — emoh jah — selikoeran — réwangé sapa ta — iki wis genep — hijoh ajo!!

Malih-malih koela oegi goemoen pijambak, rikala koela taksih blandja sakedik sanget, toko-toko ingkang panggenanipoen noenggil doesoen kémawon boten poeroen pitados dateng koela, nanging sareng

koela sampoen gadah blandja ingkang mèmper, kerep dipoentawèni: mari ambil ini, itoe, ini, itoe, manawi koela wangsoeli; tidak, tidak membawa oeang, ing rikoe ladjeng nawèni: aaaaah, ambil sadja, toelis bon boleh.

Waaah poenika ladjeng systeem „bon”, anoe bon, anoe-anoe bon, saja boten kanten-kantenan, sareng abis boelan, waaadoeh, totalnja kok banjak.

Atoer koela dongèng, lèlampahan koela kados kasbat ing nginggil, mbokmanawi wonten prijantoen ingkang ngoenandika: (oepami):

I. Hla wong kaja ngono baé kok ditoké ing koran.

II. Koewi njemoni ing lijan, apa pantjèn awaké déwé tenan! Wangsoelan koela (soekoer saged pe-panggijan).

I. Sarèhning namoeng „kaja ngono” moegi sampoen ngantos wonten prijantoen ingkang niroe, mindak boten saged moendoet montor<sup>2</sup>an.

II. Pantjèn dongèng lèlampahan koela pijambak; éwasamanten manawi wonten prijantoen roemaos koela semoni — sak kersa, waton-ipoen koela boten njemoni.

Koela laré doesoèn Kedoengbantèng. SINGGIIH.

## POENAPA KIRANG DJAMPI?

— Aaaa, INDJIIH.

Tjangik: „Rénéa nok, apa wis rampoen gawéjanmoé?”

Limboek: „Oewis. Napa ta?”

Tj.: „Ètik sengol temen. Apa mentas padoe, apa pijé. Tik kerep timen . . . . Lo tik gembèngmoé djamak. Na pa, é nok?”

L.: „O, joeng, kowé koewi . . . ora ngerti . . . boetohé . . . wong R. K. sedjati!”

Tj.: „Wé, la, ngerti manèh, anggeré wis njekel tesbèh, lan atiné ora gorèh mikir sing anèh-anèh rak ja ora apa-manèh.”

L.: „Ah joeng, oelèhmoé moeng mbloedjoe kaja aloé, koewi ta kok ora taé madjoe-madjoe.”

Tj.: „Lo saikiné wong ana donja, patok moenggh Swarga, noenggal lan Sang Hjang Poetra, ing sala-wasira.”

L.: „Lo ja bener, nanging adja moeng ndledjer sidji ter. Saiki pikiren oelèhmoé ana djaman keraméjan, koempoel karo oewong lendran.”

Tj.: „Dipikir apané? Angger wis woetoh sandangané lan wareg wengé rak wis sampé. Hara pijé nèk kowé?”

L.: „Nèk akoe ja ora ngarani loepoet. Moeng baé saeopama kowé ora pinter enggonmoé nandoekaké solah bawa, lan ora ngerti tata krama, apa moela ja wis lega. Kang mangka, wong oerip ana donja, jèn ora weroeh kang diarani tata krama, ikoe sanjatané tjilakaana. Rak ija ta? Kowé wong toewa, mestiné koedoe bisa pramana, ing atas kabèh ika.”

Tj.: „È é, è é, keprijé ta koewi. Kamangka sing dak impi-impri rina kelawan wengi, anakkoe pajoea laki prijaji. Betéké bèn bisa ngerti ing babagan sidji koewi. Lan bésoek nèk akoe mati, kena dak kon ngroektèni. La, nèk dak pikir-pikir temenan, akoe iki rak wis ora kainen. Bodjomoe koewi rak ja weton sekolahan temenan ta, toer doedoe baè<sup>2</sup> ta?”

L.: „O, pijé ta joeng; lawong dèk isih dikoeroeng gawéné moeng mbe-koenoeng. Lan pantjèn kana koewi (nggon koeroengané) ora taé diadjar prakara tata krama. Sing dianoe ki ja moeng nèk ana bendé mbak: moeng, moeng, moeng, rasané wengé ndjoer mbedoedoeng pijé ta joeng. La kowé weroeha dèk idjèk dikoeroeng. Nèk mangan koewi wis ta wis, tjekaké ja wis. Mangka koempoelané ana sing R. M. barang. Ning ja ting djempalik ngisinsini. La wong ja pantjèn ora diadjar, tik botjahé ja koerang adjar. Nèk mangan da nganggo séndok porok. Delengen enggoné ngasta sang séndok, ngoengkoeli wong mi-koel tomblok oetawa wong njekel tjétok (kanggé nglaboer). Gèk nèk tandoek, mripaté nganti mèh gatoek, toer mesti karo njamoek-njamoek kasambi goeneman ngetoepjoek; hèèè. Swaraning séndok pating kloenting kaja pabrik, gèk banteré nganti nangèkaké kirik; mbokja 3 pal ratjik, rak ja isih kaja . . . . Wis ta, kena dak arani Djawa doedoe Landa doedoe. Menèh, ana wong weton sekolahan Landa, toer ja doewoer; manawa kersané ja arep golèk mitra ta ana kana.

Tj.: „Njata, tjeta tenan; wong sing kaja akoe iki moela kodjoer. Ora ngertikoe prakara iki ora moeng oekoer-oekoer. La bok kok koeroengi tomblok selikoer nèk akoe ngerti oedoer. Tata krama, tata krama, la bijèn teka dak singkoer. Wah, goenané ora amot oepama diemoti se-poer 29. Ning teka pada ora njatoer.”

L.: „Lo, ora kok marga ora njatoer ngono. Bebasan dienggo njatoer wé apa? La wong pantjèn ora ana, kapakké menèh.”

Tj.: „Andak ija ora ana. Kaja ing endi-endi ora koerang panggonan sing moelangké tata krama.”

L.: Lo nèk pantjènèng mengkana ija ora koerang; moeng baé ora ana sing moelang. Ning iki oleh-olehé kakang lo, saka bawah Semarang, Mangka kakang wong lanang, lo kakang, katjelok enggoné ndjenggarang, djeboel ora bisa barang-barang. Malah wis kerep ana ketatalané. Noedjoe tanggané doewé gawé, ora ana wong sing pantès metoekaké para tamoe gedé-gedé kedjaba moeng kakang déwé. La ja wis keprijé, kakang kepeksa noeroet baé. Wong pantjèn koewadjané. Nanging sadjatiné, atiné kaja disatè, mikir bakal dadiné ing tembé.

Kotjapa bareng tapoeking gawé. Para tamoe gedé-gedé pada nitih motor, kréta sarimbit karo garwané, Kang Doewoer mak djedoe metoekaké. Ning nèk disawang ja wis moeng angisaké. Angger arep obah moeni, pijé, „ora ngerti karepé déwé. Hemmm isinkoe setengah télé - télé kaé joeng. Pijé, horok gèk keprijé, Kang Doewoer pijé kabaré.”

Prijaji maoe ngagem tjana poetih. Botjah-botjah pada ana pa, soeketan tarik-tarik dadi salarik, pada goejon pating djegigik. Prijaji marani. Ning delengen, botjah-botjah maoe pada ora gelem ngadeg. Ngendikan ja karo ngadeg. Ning prijaji maoe sarèhné andap asor, ndjoer kersa lenggah. Kaprijé dadiné: le katok reged. 2<sup>o</sup> kegeblag. 3<sup>o</sup> nglarani botjah sing ana ngersané. 4<sup>o</sup> gawé lingsem. Andak koewi weroeh tata Walanda koewi (Si botjah lo, doedoe prijajiné).

Tj.: ja, ta, sing oewis ja oewis; moeng sing doeroeng-doeroeng moega dimarènana. Wiwit saiki oega, moega-moega diwiwitana, kaadjar, lan oega pada ketindakna. Saeopama ora dong dinesing wektowé, mbokja anaa ing lijan wektowé. Saka pangirakoe, ora bakal kekoerangan wektowé.”

Taklim: R. R. POEDJAWATI.

## KOEROESÉTRA.

### TINDAK KIRANG SAKÉTJA.

Kala 50 taeanan joeswa dalem S. M. R. P. Wilhelmah ing o/d Sroemboeng (Salam — Magelang), wonten film énggal — saweg sepisan poenika kelampah.

Moerid pamoelangan partikelir dinawoehan kaarak dateng kaloe-raham Djeroek. — p. dènes dateng kl. Sroemboeng.

Wonten pepilahan (partikelir Djeroek — dènes Sroemboeng) makaten poenika, netepi tjaraning adil; dè-rèng saged koela matoki „tindak ngono koewi koerang kapènak.” Awit toemindakipoen pepilahan waoe saged oegi wonten sebab ingkang maton.

Nanging ngèmoeti prakawis ngandap poenika, panjerat kados déné kapeksa moeng: „koerang kapènak.”

1. Manawi p. partikelir waoe sadaja ketebihan sanget saking Sroemboeng, boten dados baja jèn ta p. partikelir sadaja dipoenpapanaken mijambak (Djeroek). Sinareng wonten ingkang tjaket sanget kalijan Sroemboeng?! Sinareng wonten p. dènes ingkang tebih sanget kalijan Sroemboeng?! Lan boten dipoen-pijambakaken!

2. Poenapa manawi wonten Sroemboeng sadaja (dènes lan partikelir) sesak? Lah poenika gampil. Pamoelangan apa baé sing tjedak Sroemboeng njang Sroemboeng — sing tjedak Djeroek njang Djeroek. Boten kok: jang partikelir sana — dènes sini!! Poenika teraloe namanipoen.

3. Poenapa wontenipoen pepilahan poenika, sadèrèngipoen boten dipoenrembag kalijan prijantoen-prijantoen goeroe (inggih partikelir — inggih dènesa) ing rikoe? Awit prakawis poenika boten mèmper jèn dipoen-gampang. Poenapa sampoen keslepeg? Ingatasipoen o/d Ngloewar (Salam — Magelang) kok inggih kober ngrembag, tosipoen.

4. Poenapa sampoen wonten prijantoen ingkang ngatoeri rembag (advies) oetawi dipoenpoendoeti rembag, ning senadjan saé boten kersa ngagem? Moendoet rembag (pamrajogi) ingkang kados makaten namoeng „kanggé ilara-ilara” namanipoen.

5. Ngleresi tapoeking damel, loerah-loerah ing pamoelangan partikelir boten sami ngombjongi (namoeng wakil) dateng Djeroek — ning malah dateng Sroemboeng. Poenapa prakawis poenika boten nggoemoenaken?? Boten preloe mawi sebab??

Poenika tjandranipoen film énggal — kelampah ing Sroemboeng.

Panjerat — kados déné satoeng-giling penonton film — satoeng-giling tjang ingkang njidam piroekoenan, memoedji sampoen ngantos dados film taeanan\*) — ngemoengna sepisan poenika. Samangsa-mangsa bédj-djng poen-gijaraken malih sampoen ngantos padjeng — bangkroeta! Awit jèn makaten koela badé ladjeng kapeksa malih moeng: „koerang kapènak.” Gadjah Madha.

\*) film woelan — ninggon enz. (G. M.).

## GOENA - KRIDA.

### MOENDOERIPOEN GOENA-KRIDA DJAWI.

(Verval der Jav. kunstnijverheid).

Ing minggoe ingkang kapengker Njonjah Resink-Wilkens, (sampoèn kalong ing kalangan goena-krida Djawi) medar sabda wonten ing dalemipoen pijambak (Gondakoesoeman) namoeng kanggé ingkang kasudahan. Wedar sabda waoe mawi kakantènan papriksanan bekakas-bekakas grija lan sembet-sembet; sedaja wedalan goena-krida Djawi roemijin ngantos doemogi samangké (tentoostelling). Déné ingkang dados djedjering sabda inggih poenika: Moendoeripoen goena-krida Djawi.

Goena-krida Djawi waoe mila pantjèn katingal moendoer mènawi katlitia kawontenanipoen roemijin doemogi sapoenika. Tandanipoen? Lah poendi boten soesah dipoen-padosi mrika-mrika, djer bekakas-bekakas grija lan sembet-semбет ingkang kadasaraken tèrèk-tèrèk waoe nedahaken tjeta wéla-wéla. Mila inggih makaten.

Abrag-abrag grija waoe sami katata larik-larikan mitoeroet djinisipoen. Kadosta: sakatahing kèndi-kèndi katata dados salarik, oeroet-oeroetan mitoeroet sepoeing djaman wedalanipoen. Makaten oegi sakatahing tjèrèt-tjèrèt, tèmbor-tèmbor, gantènan-gantènan, ketjohan-ketjohan, widjikan-widjikan lès. Lah, makaten poenika ladjeng tjeta, lan sareng kawewahan sabda, ladjeng gamblang-gamblang, malah prasasat njolok mripat, kados-poendi goena-krida Djawi waoe anggènipoen saja lami saja mlorot, wiwit roemijin doemogi sapoenika: saja lami saja soeda poen warni, saja soeda poen tjèkli, saja soeda poen pèni.

Inggih leres, oegi wonten barang wedalan sapoenika ingkang taksih awangoen lami, saé lan édi; namoeng kémawon panggarapipoen

### VAN LITH-STICHTING

Arta pandjenengan  
**100 sèn,**  
ingkang dipoenparingaken  
dateng V. L. S. namoeng  
**1 sèn.**  
Soemangga énggal dados  
contribuant!

---

Penningmeester V.L.S.  
p/a 2e. Convict  
Moetilan N. I. S.

sapoenika teka kirang setiti goemati, kirang loeroes-aloes: pating bréndj-djol, pating brendjoel; sami dojong miring lss. Lan jèn badènipoen kawaspadakaken, teka inggih katingal soedanipoen. Kados-poendi? Tijang ingkang waoenipoen saking djènèan oetawi tembagi, sapoenikanipoen sampoen trimah saking blèk, toer blèk tilas wadad mertèga oetawi pohan sasaminipoen! Teka inggih ngoesoetaken! Leres, jèn barang-barang kados makaten waoe kaanggé ing tjang miskin, inggih boten dados poenapa; nanging jèn kaanggé ing tjang tjekap? Arak kados-poendi poenika?! Sampoèn leres, tjowèk inggih kedah saking siti; poenika sampoen dados mastinipoen. Nanging sareng tjèrèt, edep-edepan namoeng saking blèk tilas wadad mertèga ladjeng kados-poendi kémawon?!

Sebab poenapa ta, teka barang-barang wedalan sapoenika kawon sorot kalijan wedalan roemijin, malah boten namoeng soeda sorotipoen, nanging ngoesoetaken lan nglingsemaken?

Tjebi moendoeta priksa dateng ingkang damel barang-barang waoe. Sawenèh rak ladjeng mangsoeli makaten: „tjjang sapoenikanipoen ingkang padjeng inggih barang kados makaten poenika; lah ladjeng kados-poendi malih? Koela poenika anggèn koela njamboet damel arak soepados angsal teda. Lah jèn barang dedamelan koela boten padjeng, saking poendi angsal koda teda?” Poenapa wangsoelan kados makaten poenika kénging kalepat-aken? Sawenèh gadah wangsoelan makaten: „Koela sampoen boten saged mangoen barang kados makaten; awit soepados angsal wangoen kados makaten poenika, kedah mawi badé sanès; kang mangka damel badé waoe koela boten katjoenggha.” Pandjenengan rak ladjeng mak tjep klakep.

Poenapa moendoering goena-kri-

## POESPITA MANTJA WARNA.

### DATENG PARA PRIJANTOEN KAKOENG INGGANG SAMI ROEMAOS.

(Wien den schoen past, trekke hem aan).

Sadjawining tangoengan Redactie.

Noewoen saedara, sampoen kirang pangapoenten. Koela matoer ing ngandap poenika èstoe boten medal saking manah sengit, nanging medal saking katresnan sedjati, katresnan dateng W. K. dateng sedèrèk koela wanita, saha dateng poetra poetri pandjenengan sadaja, ingkang saèstoe ambetahaken pangajomanipoen pakempalan kita Wanita Katholiek ing Ngajodja.

Sampoèn dangoe koela madosi djalaranipoen rendeting adjengipoen W. K., ingkang saèstoe boten soemboet kalijan rekaosipoen padamelan-padamelan ingkang sampoen dipoen-lampahi. Wasana bakda karaméjan taenipoen W. K. ingkang wekasan poenika koela mireng reraosanipoen sawatawis prijantoen kakoeng, ingkang èstoe koela anggep damel rendeting adjengipoen W. K. Ngajodjakarta. Malah-malah prijantoen-prijantoen kakoeng waoe klebet golongan ingkang patoet saha kwang andjoendjoeng dradjadeng sadèrèk kita wanita. Kados-poendi pamanggih pandjenengan, ngrembag kekiranngan oetawi anggènipoen lepatipoen tindaking pakempalan namoeng partikeliran kémawon kalijan kantja-kantja. Poenapa poenika badé saged njækaken oetawi ngindakaken adjenging pakempalan? Poenika namoeng ngesoraken lenggahing W. K. inkang saèstoe badé ndjoendjoeng dradjadeng kadang kita wanita.

Kados-poendi anggènipoen ngrasi para pijantoen waoe. Makaten:

a. Kaja ngono koewi roemangsakoe kemadjon. Jèn akoe dak gawé mengkèné.

b. Kaja ngono koewi njoedakaké kasoeslaning wanita. Jèn akoe sing dak lakoni sing iki, doedoe sing koewi.

c. Tradjang sing mengkono ikoe, marakaké ora kopèn anaké. lsp.

W. K. kok doewé tradjang sing kaja mangkono, koewi bésoek sing dipimpin lakoèné rak bandjoer dadi apik. Nèk akoe ora kaja ngono enggonkoe mimpin.

Sadaja waoe anggènipoen reraosan kalijan kantja-kantja. O; sapoenika koela mangertos djalaranipoen, déné namoeng sakedik sanget ingkang toemot ngrentjangi W. K. (medewerksters) ingkang samanten awrating padamelanipoen.

Saedara koela matoer barès reraosan ingkang kados makaten poenika saèstoe kirang oetami, sanadjan kagoengan kersa ingkang prajogi. Manawi pandjenengan kersa njækaken W. K. soemangga koela atoeri nandang, awit poenika pranjata bebahan pandjenengan sadaja. Manawi pandjenengan kagoengan penatjad oetawi pamrajogi, soemangga koela atoeri ngendika dateng Bestuur W. K. oetawi wonten ing kran W. K., langkoeng oetami malih wonten ing ledenvergadering W. K. Déné manawi kersa boten ketawu wonten ing Swara-Tama. Manawi makaten pandjenengan èstoe badé njækaken W. K. Ngajodja.

Déné bab karaméjan W. K. ingkang sampoen kepengker, mila èstoe kirangschitterend, mbokmanawi babarpisan boten wonten saènipoen, sanès sanget kalijan ingkang pendjenengan kadjengaken oetawi ingkang pendjenengan adjeng-adjeng. Poenika sampoen samestiniipoen. Sapisan saweg sapisanan, kaping kalihipoen kirang kekijatan, margi sake-

dik sanget medewerksters-ipoen. (Bok pandjenengan ingkang njaroewé kersa tjawé-tjawé). Nanging poenika èstoenipoen boten dados poenapa. Ingkang kesangeten poenika anggènipoen natjad karaméjan ingkang angenani tradjangipoen W. K., karakteripoen W. K. tjekak sanoebarining W. K.

Koela matoer sanjatanipoen W. K. ing Ngajodja ngertos kabetahaning Djaman, tradjangipoen sarwa Katholiek ngantos toerès baloeng soengsoemipoen, éwasamanten pangrengkoehipoen dateng kadang kadang wanita salaras kalijan djamanipoen, mila awrat sanget tetanggèlipoen W. K., nanging anggènipoen njamboet damel tansah sangoet saha boten nilar titi lan ngati-ati. Poenika nglebetipoen W. K., boten adirih kangélan, margi offerwaardigheid-ipoen ageng sanget. Boten naté nglokro, sanadjan wonten prijantoen kakoeng ingkang andoewa tradjanging W. K.

Mila manawi para prijantoen kagoeng ing nginggil manawi èstoe kersa njækaken W. K., soemangga koela atoeri ngritik tradjangipoen gegandèngan kalijan ingkang sampoen kelampahan wonten ing jaarfeest wonten ing kalangan kran, oetawi wonten ing ledenvergadering W. K., oetawi wonten ing Swara-Tama ngriki. Koela sagah ngatoeri katrang (verantwoording satjettjetanipoen, awit koela ngertos kalijan damang kawontenanipoen W. K. Ngajodja. Saha kadang koela presidente temtoe inggih boten oelap nerangaken tradjangipoen W. K., ingkang dèrèng dipoenmangertosi sawenèhing prijantoen kakoeng, awit koela mangertos sadaja, ingkang sampoen kelampahan sampoen ginalih kalajan mateng saha manah wening, ingkang medal saking katresnan dateng sasaminipoen wanita Katholiek.

Mila manawi saedara ingkang kagoengan panggroendel dateng W. K. Ngajodja, koela atoeri rawoeh ing ledenvergadering oetawi kintoen serat dateng Bestuur, wonten ing Swara-Tama soepados sami saged ngodari ingkang roewet, moelihaken sedèrèkan lair batin. Koela atoeri ngendika ingkang dados djalaraning panggroendel, mangké koela terangan kadjengipoen W. K. Menawi para panggroendel boten kersa rawoeh oetawi njerat ing Sw. T. nerang oetawi paring pamrajogi, kados poenapa sagedipoen kawastanan tresna dateng kadang kita wanita Katholiek. Mila soemangga sami njamboet damel sesarengan kalijan W. K. penoentoening anak-anak kita èstri. Sampoèn wigah-wigih. Mangga sami toeloeng-tinoeloeng prija lan wanita adedasar katresnan ingkang sampoen kapangandikakaken Panoetan kita Goesti kita Jésoes Christoes.

O. Sadèrèk koela atoeri manggali. Sapinten kasaènanipoen W. K. dateng gotrah wanita. Koela atoeri ngèngeti oepami A. B. C.-cursus. Pinten laré èstri ingkang sampoen dipoentoeloeng? Atoesan tjtjahipoen. Mangga ambantoea sampoen andoewa adjenging W. K. Sami ambombonga, sampoen ngalitaken manah. Koela atoeri djembar ing panggalih, sampoen roepak ing djadjahan.

Koela B. Soegija.

da Djawi ingkang ngantos semanten waoe dèrèng nandes? poenapa badé ambles malih?

Kados boten. Malah sapoenika sampoen katingal trontong-trontong malih. Mila pantjèn kedah makaten, djer bangsa ingkang nama madjeng, goena-kridanipoen boten kénging kaptoen. Sampoèn katah lelabetanipoen Negari kanggé andjoendjoeng goena-krida kita ingkang andéprok waoe. Para sardjoe dateng goena-krida Djawi sampoen ada-ada lan ngréka daja, soepados sageda ngoemboelaken; kadosta: ngwontenaken papriksan barang-barang pendamelan tangan (tentoostelling van handwerk); ngwontenaken pakempalan-pakempalan (Wanita-Oetama ing Ngajodja; Among-Krida ing Pengasih).

Nanging doemogi ing sapoenika taksih tangèh tjekapipoen. Ada-ada kados ing nginggil waoe kedah katoladaa, kedah langkoeng soembar kapraha. Para moerid moerid ing pamoelangan Djawi kedah kawoelanga pandamelan tangan (handwerk). Tijang-tjjang tani inggih kedah kaadjangaken dateng panda-

melan poenika waoe. Awit bangsa tani rak boten saged ngemoengaken tanèn kémawon; lah jèn makaten pandamelan tangan waoe ladjeng dados sambèn ingkang saklangkangé prajogi. Poenika boten namoeng sad. èstri kémawon, nanging sad. djaler oegi, djalaran wonten péranganing goena-krida ingkang pantes kalampahan ing para kagoeng.

Trontong-trontonging goena-krida saweg ngoer kambang; lah poenika boten kados mestinipoen. Nanging manawi kabantoe ing ngakatah, toer kanti srempeng, kados inggih ladjeng rikatan sengkoet.

Poenapa adjenging goena-krida Djawi waoe kedah kran wangsoel? Tegesipoen: kran mandeng dateng goena-krida Djawi ingkang sampoen-sampoèn tok, tanpa nolèh ngiwa nengen dateng goena-krida sanès? Kados boten soesah makaten, oegeripoen nglenggahi Djawinipoen lan boten namoeng mligi nedak sanès, tanpa pinikir.

Makaten soeraosing wedar sabda waoe.

Badé kasambet.

# OERAP - SARI

(PETIKAN SERAT - SERAT KABAR SANÈS)

## KABAR KATHOLIEK.

### Selangkoeng taenan.

Tanggal 28 September poenika, P. Wouters ing Prabalingga, amèngeti anggènipoen djoemeneng Imam sampoen selangkoeng taen.

Pandjengnipoen warganing Orde Carmelieten, mijosipoen wonten Gassel (Noord Brabant) kala 2 Mei 1885. Anggènipoen makarja wonten Missie ngriki, kala taen 1924. Mgr. van der Pas, poenika roemijn kantjanipoen toenggil saeklas.

### Tjatjahing sakolahan Katholik.

Manoet tjatetan, tjatjahing sakolahan Katholik ing Inggris mindak katah.

Tjatjahing pamoelangan andap Katholik sapoenika wonten 1164, poenika mindak 20 tinimbang kala taen kapengker. Moeridipoen 426.665, poenika langkoeng 8604 tinimbang kala taen 1928.

Déné sakolahan partikelir andap gadahanipoen Protestant katingal moendoer, soeda 86 tinimbang taen kapengker. Salebetipoen sataoen Pasamowan Anglikan noetoe sakolahan 75.

Sakolahan tengahan gadahanipoen Katholik sapoenika 82, mindak 2 tinimbang kala taen kapengker. Moeridipoen sakolahan poenika 20.570.

Pakempalan Katholik (pakempalan sosial) ing ngriki, inggih katingal madjeng. Kala taen kapengker saged ngadani soedjarahan ambal kaping tiga: dateng Roem, Lourdes toewin dateng Tanah Soetji. (Koerier).

### Pahargjan Sakramèn Maha Soetji.

Kala 15 Agoestoes poenika, ing Jugo Slaviè wonten Eucharistisch Congress, manggèn ing Zagreb (Agram).

Inggih andèrèk Kōnggrès waoe boten kirang saking 100.000 tijang.

### Sèket taenan Missie Afrika Kilèn.

Nembé poenika Missie Afrika

Kilèn bawah Inggris amèngeti anggènipoen sampoen oemoer sèket taen.

Anggènipoen mèngeti wonten Elmina, sarta kanggé pangèngèt-èngèt damel retjanipoen para Pastoer, Broeder, toewin Zuster ingkang sami sèda wonten Missie waoe, i.p. wonten 65. Ngoelama semanten waoe, ingkang 16 anggènipoen sèda sareng panjamboet damelipoen wonten Missie ngrikoe angsal sataoen, ingkang 14 sareng sampoen kalih taen, ingkang 12 sasampoenipoen 3 doemoegi 5 taen, ingkang 13 sareng panjamboet damelipoen sampoen langkoeng saking 5 taen.

Dados para ngoelama ingkang sèdanipoen sareng panjamboet damelipoen wonten Missie waoe sampoen pikantoe kangsal taen, poenika namoeng 35%. Kawontenan makaten poenika, sampoen mratah wonten Missie ing Afrika Kilèn. Nanging, gandarjanipoen inggih soemboet kalijan koerbanipoen, djer tjatjahipoen tijang Katholik ing ngrikoe sapoenika wonten 70.000.

### Ngoelama Priboemi.

Manoet poetoesanipoen Congregatie der Propaganda Fide, kabis-kopang Verapoly ing Hindoe tjalon kapérang, sarta péranganipoen wonten ingkang ladjeng dados tjepengnipoen ngoelama bangsa Hindoe.

Imam Tionghoa Frans Ciu, winisoeda dados Apostolisch Vicaris ing Fenyang (Sansi, Tiongkok).

Ing Wellington (Nieuw Zeeland) mentas wonten Bishop bangsa Praman sèda, asmanipoen Chapuis.

Inggih tjalon kagentosaken Bishop poenika waoe, ngoelama Priboemi. Katjarijos, kala sèdanipoen Bishop kaseboet nginggil, mawi nilari serat pitoetoe saé anrenjoehaken dateng ngoelama ngoelama Priboemi. Bishop waoe kala soengengipoen tansah amboedidaja ing sasaged-sagedipoen soepados ingkang nglenggahi dampar Kabiskopan poenika, Imam Priboemi.

### Boten pikantoe moelang.

Radèn Roestamadji, goeroe H.I.S. lan schakelschool Taman Siswa Bandoeng, roemijin siswa Osvia Madioen, nanging margi angèn-angènipoen ingkang mengsah paréntahan Nederland kepeksa nilar sakolahan waoe, katjarijos dipoenawisi moelang déning Goepnoer Djawi kilèn. (Ka-oem Moeda).

### Dipoenkinten kastrol.

Sum. Post. njarijosaken, ing onderneming Laboean Hadji, mentas wonten kraniobat njoekani kastrol dateng tijang koeli kontrak kanggé anakipoen, nanging ingkang dipoensoekakaken waoe kalèntoe chenopodum. Let sadinten laré pedjah.

### Angitjali palanjahan.

College B. & W. angladosaken rantjangan pranatan kanggé merangi palanjahan dateng gemeente raad ing Betawi, minangka gentosipoen pranatan sapoenika ingkang kamanah boten patos anjekapi.

Rantjangan waoe damelanipoen wethouder t. Hildebrand (— prijantoeen Katholik — Red.) ingkang saking rembagipoen hoofdcommissaris van politie mawi dipoenwahi sakedik, sarta saladjengipoen dipoen-tjotjogi College B. & W.

Rantjangan waoe kados ing ngandap poenika:

Art. 1 Ing rantjangan poenika, ingkang kanamakaken margi oemoem:

a). Sadaja margi ingkang kènging dipoentandangi publik, margi-margi ageng, trottoir, margi soekoe, galerij, gang-gang, plantsoen, kreteg-kreteg lss.

Art. 2. Tijang djalera èstrija boten kènging mlampah wonten margi oemoem, manawi anggènipoen mlampah wonten ngrikoe tjeta nedyang angdjak tijang sanès nglampahi ingkang awon; oetawi kèndel, ngentosi, mlampah soekoe oetawi noenoempak wira-wiri ing margi oemoem waoe.

b). Wonten ing margi oemoem, oetawi wonten papan ingkang katingal saking margi oemoem amantjeng, anggènging tijang soepados nglampahi awon sarana tetemboengan, pasmitan, oetawi tengeran sanès-sanèsipoen.

Art. 3. Sinten ingkang nerak pepatjak ing art. 2 dipoenekoem denda katah-katahipoen f 100, oetawi oekoeman koendjara dangoe-dangoenipoen sawoelan.

Ing ngriki, ladjeng tètela poenapa ingkang dipoenwastani margi oemoem. Dados sanadjan anggènipoen nindakaken pratingkah ingkang anggènging dateng prakawis waoe boten wonten margi oemoem, nanging oeger katingal saking margi oemoem, poenika sampoen saged ka-oekoemaken.

### Dinten ageng Nationaal.

Het Nieuws njarijosaken ing kalangan kabangsan wonten sedyababé ngawontenaken dinten ageng kabangsan, kadawahaken wonten ing tanggal 18 Agoestoes, i.p. dinten wiwiting pamriksanipoen prakawisipoen Ir. Soekarna.

### Dateng Bali.

Tanggal 26 September poenika, studenten T.H.S. badé késah dateng Bali.

### Bank Nationaal Indonesia.

Bestuur Bank Nationaal Indonesia, neda dateng Centrale Kas soepados poeroen ngontrol Bank waoe. Dirèktoer Centrale Kas saged nanging mawi pradjandjan: ingkang dipoenkontrol waoe boten namoeng boekhouding, nanging oegi toentoenan oetawi bedrijfsleidingipoen bank waoe. Awit manawi namoeng boekoenipoen kémawon ingkang dipoenkontrol, inggih leres kaom kabangsan saged migoenakaken poenika kanggé propaganda, nanging toemrap dateng lampahipoen artanipoen Bank waoe, boten andajani poenapa-poenapa. Kedjawi makaten, kontrol boekoe waoe dédè bebahanipoen Centrale Kas, nanging bebahanipoen Accountant.

### Arta boten kanggé.

Salebetipoen woelan Agoestoes, Algemeene Rekenkamer sampoen ambesmi arta kertas damelan Nederland 500.000 lembar njaringgitan, 320.000, njaroepijahan; damelan Amerika 80.000 lembar njaroepijahan.

### Ngesat rawa.

Rawa Tanggal satjelakipoen doesoen Maleman (Loemadjang) lebet 1 1/2 M, wijariipoen 700 baed, dipoenesat. Saben dintenipoen ingkang njamboet damel boten kirang saking 500 tijang prantéjan, tojanipoen ing salebetipoen sawoelan kémawon sampoen saged kailèkaken dateng moewaranipoen lèpèn Bandajoda.

### Opiumregiebond.

Kabaripoen woelan ngadjeng poenika, O.R.B. badé damel konggrès wonten Soerakarta, dangoenipoen tigang dinten. (Sw. Pbl.).

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

PERLOE DIPOEN PANGGALIH.

Kita gesang amèngi djaman ngrekaos, djaman soek-soekan pados panggesangan.

Laré-laré wedalan pamoelangan andap, boten komanan papan, kedoesok ingkang wedalan nginggil.

Prakawis ingkang makaten poenika, kedah dados panggalihan.

Koela mentas maos pakabaran ingkang sanget dados pamanahan koela, pakabaran poenapa?

Serat kabar A. I. D., njarijosaken bilih toewan Ir. Biezeveld, moedapangarsaning I.E.V. afd. Bandoeng, aneda dateng Pangrèh Ageng I.E.V. soepados pakempalan poenika waoe, ngawontenaken pamoelangan gerdji, lan toekang motongi badé.

Manoet pamirengipoen toewan B. saking gerdji misoewoer, wkdal sapoenika ing ngriki kekirangan gerdji bangsa Indonesia. Poenapa sababipoen? Gerdji-bangsa Indonesièr waoe, pamedalipoen katah. Margi makaten, anakipoen kasakolahaken wonten sakolahan andap toewin Mulo. Lan, ... satamating pasinaonipoen, laré-laré anak gerdji waoe boten poeroen dados toekang mendjahit.

Déné anak-anakipoen golongan sanès, golongan boten gadah inggih boten poeroen njamboet damel gerdji. Amargi: laré waoe boten saged kapigoenakaken wonten panggaotan Éropah; mangka manawi njamboet damel wonten kalanganing bangsa pijambak, poen djoeragan boten wani ambajar katah toer inggih boten saged mratikelaken ngantos dados gerdji peng-pengan.

Angèngeti ing nginggil poenika, toewan B. amahan boten adegipoen pamoelangan gerdji. Dados kanggé anjampti kabetahan lan saéning panggaotan Éropah. (— Ateges oegi njampeti pangoepadjiwanipoen laré-laré Indo wonten ing djaman soek-soekan poenika —).

Kadjawipikantoe piwoelang amotongi toewin andondom-andondomi, laré-laré waoe inggih kedah dipoenwoelangi: boekhouding alit-alitan; kawroeh toetoebas; poenapadéné pratikel sasadéjan.

Déné prakawis wragading sakolahan, boten perloe dipoenkoewatosaken. Djer sakolahan waoe, inggih ngiras papan anggaota, ingkang saged anjampti kabetahanipoen pijambak. Malah jèn kaleresan saged pikantoe babatèn katah kados pamoelangan gerdji ing Dresden.

Laminipoen sakolah wonten ngrikoe, kalih taen.

Makaten sadèrèk, oesoelipoen toewan Biezeveld waoe.

Prakawis ing nginggil poenika mila pantes dados panggalihan. Oesoelipoen toewan waoe, loemantar Ontjèn poenika, koela soegatakaken oegi sadèrèk goeroe ingkang manoennggil wonten ing pakempalan P. G. H. B.

Sambat kalijan rembag ing nginggil, para maos boten kènging-boten mesti ladjeng kèngetan piwoelang asta gina ing pamoelangan angka kalih.

### Pamedal S.S. tansah soeda-soeda.

Salebetipoen woelan Agoestoes poenika, pamedalipoen S.S. manawi katanding kalijan kala Agoestoes 1929, soeda f 1.531.000.

Wiwit Djanoewari, Agoestoes 1930, manawi katanding kalijan Djanoewari — Agoestoes 1929, goenggoeng kempalipoen soeda f 9.769.000. Angsal-angsalaning arta saking kartjis sepoer (kapétang oegi bagage) ing woelan Agoestoes taen poenika, soeda f 218.000 (12,07%) tinimbang kala Agoestoes taen 1929.

Sarèhning boten soemerep Bakjoe Th. Hadipranata sapoenika wonten poendi, mila koela patjak wonten ngriki.

KOELA OEGI BÉLA SOENKAWA.

Mitra lami:

V. SOETINAH.

### CORRESPONDENTIE.

Redactie sampoen tampi, nanging dèrèng ladjeng saged nglebetaken, karangan-karangan saking: J. Pr. Doekoen, Mtl.; Rm. P. H. Salam, Mtl.; T. S. Soerabaja; Corr. B. J.; P. Br. Wagir.

P. S. Dj., Wonogiri. Poen karangan boten badé kapatjak, margi kados kirang prajogi. Abn. no. 771. Bab piking „Pakèwed“ poenika prajoginipoen karembaga kémawon kalijan „Canisius“. Dados Pakèwed boten badé medal ing kalangan.

Abn. no. 287. Sampoen kaeroes. Badé kakitonenaken.

Abn. no. 290. C. Darmadhardja. Pandjenengan pindah dateng poendi? Lan abn. 265. Pandjenengan wonten poendi?

M. Fr. S. Tirtasoedarma: sampoen tampi postwissel pandj. Sw. Tm. badé sowan.

### CORRIGENDA:

Sw. Tm. 19 Sept. „Poepoer sadoeroeng bendjoet“: Njapaton ningali, ler. njipati n. kabangoen, kadjawèn ler. kagoenan k. dipoenkoeli ler. dipoenkoeli kawan kirangipoen 6 ler. kanan-keringipoen 6.

Inggih koela soemerepi, piwoelang waoe katah-katahipoen namoeng amoelang damel tépas, sapoe, benik-batok, éntong, lss.

Dadamelan makaten poenika, padjengnipoen boten mingsra. Boten soemboet kalijan ngrekaosipoen. Amila, poenapa boten prajogi manawi ing piwoelang waoe dipoenlebeti kawroeh dados kleermaker?

Sampoen mesti kémawon toentoenan dados gerdji wonten salebetipoen piwoelang asta gina waoe boten njekapi. Inggih saé pijambak, manawi dipoen-jasani pamoelangan dados gerdji, kados oesoelipoen toewan Biezeveld kasebot nginggil.

Manawi koela pandjanganaken pamanah koela, angèngeti djamanipoen, onderwijs ing ngriki pantjèn perloe dipoendandosi. Tegesipoen dipoenindaki warnipoen! Dipoenindakana pamoelangan ingkang dados sambetipoen pamoelangan andap, langkoeng-langkoeng pamoelangan angka kalih!

Laré-laré wedalan angka kalih, sakolahan doesoer, poenika djaman samangké: ora pajoe dolé. Kadjeng koela: manawi ngarah dados djoeroe serat lss. kados djaman kina, mèh kènging kapestèkaken boten sagedipoen.

Déné ingkang mesti pajoe, poenika tijang ingkang saged noekang, lss. Tjekak pakarian techniek. Kasagedan satoenggal poenika, wonten poendi-poendi mesti padjeng; tegesipoen: dipoenbetahaken. Dados leres kados andaranipoen sadèrèk „Tijang Mangkak“ wonten Sw. T. sawatawis woelan kapengker.

Inggih mangka, terang sanget Indonesièrs poenika inggih gadah kaprigelan prakawis techniek oet. ambacht. Poenapa boektinipoen? ... O, boekti katah sanget.

Mangga, djaman kalih dasanan taen kapengker, poenapa sampoen wonten ingkang nginten manawi tjalon badé wonten sopir Indonesièrs, kirang langkoeng 50.000 tijang? Rak inggih boten ta?

Satoenggal poenika kémawon sampoen tjepak kita anggè boekti.

Sampoen leresipoen onderwijs poenika kedah kalarasaken kalijan dasariipoen ingkang dipoensoekani, toewin kabetahaning djaman.

Kita anggadhahi dasar oegi dateng prakawis techniek, boten béda kalijan bangsa koelit petak. Djaman roemijin, sapoenika, toewin bédjeng, para toekang besi, toekang kadjeng lss. tansah dipoenbetahaken tijang.

Amila, sampoen saleresipoen pamoelangan krijja, inggih saja dipoenbetahana.

O, bédjeng poenapa ing tanah ngriki sakolahanipoen nretjel?

Bédjeng poenapa sakolahan ingkang dados sambetipoen pamoelangan andap kanggé Indonesièrs, katah warnipoen?

Kita kedah ihtjar.

Mataram 20 September '30.

Taklim: Patjar Mérah.

# Receipt<sup>2</sup>

ER  
ER  
CEE  
EE

ADOTHEKEN

## Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN  
NGAJOGJAKARTA.

**Sepeda-sepeda merk:**

SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.  
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.  
TOURIST: A. A. sarta A.

**Sedija oegi sepeda merk:**

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —  
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.  
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.—  
saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perka-  
kas koentji sarta wadah lisah.  
Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:  
ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.  
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen  
tosan sarta tjèt wènter.

PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.  
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélani-  
poen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:  
"WIRJOSOESENO"

Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

**M. v. BIENE.**  
Toekang herlodji  
dan Toekang emas.  
Adres jang  
moerah  
DJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226  
boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.  
Pembatja  
**SWARA TAMA,**  
dengan bawa lembaran  
Swar Tama  
dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN  
SAÉ TOEWIN AWÈT  
INGGIH NAMOENG  
**MERK GAZELLE**  
INGKANG AWOEDJOED  
ALCYON  
DUNLOP } RIJWIELEN  
R. I. W.  
**Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!**  
GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG  
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

**TOKO BARANG - BARANG  
H. SPIEGEL — Djokja.**

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.  
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;  
Kereta dan korsi boeat anak - anak;  
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan  
— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN  
MOERAH SEKALI!

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**  
PATIJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik  
boewat pembikinannja.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan  
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.  
SROETOE-SROETOE dan ROKOK-  
ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita  
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die  
giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes  
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an  
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per  
pond f 0.90.  
Boliuh dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat  
**Toko DJOEN & Co.**

**TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.**

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo;

sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

**TJÈT GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet**

namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;

5 kilo: f 4,50.

**PABRIK TJET R. B. FRIELING**

Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

**DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.**

|                              |                                |                                  |                               |
|------------------------------|--------------------------------|----------------------------------|-------------------------------|
| Ambarawa 6.-7.30.            | Lamah 5.30-6-8.                | Pekalongan <sup>9)</sup> 6.30-8. | Kepandjèn 6-7-9.              |
| Amboina 7.30.                | Lawang <sup>9)</sup> 7.        | Pemangkat 8.30.                  | Anita Boul. 6-7.30-9.         |
| Bagan Siapi-api 7.30.        | Madioen 6-7.30.                | Poerwokerto 7.30.                | Soerakarta 6-7-8.30.          |
| Bandoeng 6-7.30-9.           | Magelang 7-9.                  | Poerworedjo 7-8.30.              | Tandjoeng Balai 7.30.         |
| Benkoelen 7.30-9.            | Makassar 6-7.30.               | Pontianak 7-8.30.                | Tandjoeng Karang 8.           |
| Blitar 7.30.                 | Malang 6-7.15-8.30.            | Probolinggo 7.30.                | Tandjoeng Sakti 7.30.         |
| Buitenzorg 6-8.              | Manado 6-7.30.                 | Salatiga 7.30.                   | Tara-Tara 7.30.               |
| Cheribon 7.30.               | Medan 6.30-8-8.30 (tjina).     | Sambas 6-8.30.                   | Tegal 6.30-8.                 |
| Djember 7.30.                | Medari <sup>9)</sup> 7.30.     | Sambong 8.                       | Tereng 7.                     |
| Djokja: 7.30.                | Meester Corn. 7-9.             | Sawah Loento 7-8.30.             | Tjilatjap <sup>9)</sup> 7.30. |
| Kampementstraat Eur. 7-9.    | Mendoet 6-7.30.                | Sedajoe 7.                       | Tjimahi 6-8.                  |
| Jav. 6-8.                    | Modjokerto 6-8.                | Sedjiram 5.45-8.30.              | Tomohon 7-8-9.                |
| Kota Baroe 6-7.30.           | Moentilan 5-6-8.               | Semarang: 6-8.                   | Wates <sup>7)</sup> 7.        |
| Djombang <sup>1)</sup> 7.30. | Muntok 8.                      | Gedangan 6-8.                    | Weltevreden: 6-8.             |
| Fort de Kock 7.30.           | Ngawi <sup>7)</sup> 7.30.      | Bangkong 6.30-8.30.              | Waterlooplein 5.45-7-9.       |
| Gandjoeran <sup>2)</sup> 7.  | Padang 7-8.15-9 (tjina).       | Tjandi 7.30.                     | Kramat 6-8-9 (mal.).          |
| Gombong <sup>3)</sup> 7.30.  | Padang Pandjang 7.30.          | Randoesari 7-9.                  | Wonosobo <sup>9)</sup> 7.30.  |
| Keboemèn <sup>4)</sup> 7.30. | Pajakombo 7.30.                | Singkarawang 6.30-9.             | Woloan 8.30.                  |
| Kediri 7.30.                 | Palembang 7-9.                 | Soekaboemi 6-7.30.               |                               |
| Klatèn 7.30.                 | Pasoeroean <sup>1)</sup> 7.30. | Heuvel 5.30.                     |                               |
| Koeta Radja 6.30-8.          |                                | Soerabaja:                       |                               |

1) 1e. Achad. 2) 2e. Achad. 3) 1e., 2e., 4e. Achad. 4) 3e. Achad.  
2) 1e. + 3e. Achad. 4) 1e. Achad tiap<sup>2</sup> doea boelan. 5) 2e., 4e. Achad. 6) 3e. Achad.

**MANTJA NAGARI.**

**PARANGAKIK. Begrooting.**

Kabinet mentas nampi rantjangan  
begrooting kanggé taoen ngadjeng.  
Begrooting waoe: 501 milliard  
francs, oetawi soeda 300 mljioen ti-  
nimbang begrooting taoen poenika.  
Arta ingkang kawadalaken ing  
departement-departement tjalon ka-  
soeda, kadjawi arta-arta ingkang ka-  
wedalaken kanggé sakolahan, pensi-  
joen toewin wadyabala.

Ing rantjangan waoe, anjarjosaken  
arta ingkang tjalon kawadalaken  
kanggé njantosani wadyabala, kain-  
dakaken 725 mljioen tinimbang ing-  
kang sampoen.

**SEPANJOL. Pogokan ageng.**

Ing Barcelona, mitoeroet pawartos  
tanggal 18 September, wonten aba  
ngawontenaken pogokan oemoem.  
Panganggepipoen regeering pogok-  
an sagedagan poenika wonten amb-  
bet-ambetipoen politiek.

Directie toewin redactiening serat  
kabar Solidaridad dipoentjeng. Ko-  
mité pogokan oegi badé dipoentahan.  
Warganing komité pogokan poenika  
waoe panjamboet damelipoen sami  
boten ngedèng dados boten kasoe-  
merepan sinten namanipoen.

Kita ngrikoe dipoendjagi. Dadak-  
anipoen pogokan ing Barcelona waoe,  
margi perscensuur ing kita waoe di-  
poenlestantenaken. Mangka ing kita  
sanès, perscensuur waoe dipoensoe-  
wak kala dinten Rebo djam gangsal  
sonten.

**ROESLAN. Kawadjiban sakolah.**

Manoet telegraafagentschap Roes-  
lan, nagari waoe badé anetepaken  
wontening kawadjiban laré kedah  
sakolah, i. p. ing taoen 1930/31 toem-  
rap laré oemoer 8, 9, lan 10 ta-  
oen, ing taoen 1931/1932 toemrap

laré oemoer 11 taoen, sarta badé  
wonten piwoelang mangsoeli kanggé  
laré-laré wiwit oemoer 11—15 taoen,  
dangoenipoen ing dalem kalih taoen.  
Kadjawi poenika, inggih dipoen-  
angkah sageda sewatawis taoen eng-  
kas ngawontenaken leerplicht pitoeng  
taoenan.

Paréntah sampoen tata-tata badé  
ngawontenaken grija-grija sakolahan.  
**NEDERLAND. Sardjana dateng  
Indonesia.**

Prof. Veraart ingkang katjarjos  
sageda damel djawah, kawartosaken  
bèndjing April 1931 badé damel dja-  
djalan wonten Deli toewin tanah  
Djawi kanggé kapreloewan ing ka-  
boedidajan-kaboedidajan ing Indo-  
nesia. Anggènipoen mriki, noempak  
baita kapal oedara.

**DJERMAN. Graf Zeppelin.**

Graf Zeppelin poenika namaning  
satoenggiling toetoempakan bangsa-  
nipoen kapal oedara gadahanipoen  
Djerman ingkang wiwit roemijin mila  
kondang saindenging djagad.

Katjarjos, manoe tjarijosipoen  
Reuter, paréntah ing Letland pikan-  
toek pitakénan sarana serat, kènging  
poenapa déné Graf Zeppelin dipoen-  
sendjata lan sinten ingkang njendjata?

Paréntah Letland toewin Rusland  
sami mangsoeli boten mangertos pra-  
kawis poenika. Mangka toekang an-  
djadi wates Letland anrangaken  
bilih kalanipoen Graf Zeppelin ma-  
boer wonten sangginggiling djadjahan  
Roestan, mireng swantening sendjata  
toemoedjoe dateng G. Z. waoe.

**DJEPANG. Anti-inoeman keras.**

Èbah-èbahan njirik inoeman keras,  
katingal santer.

Taon '27, Djepang gadah pa-  
kempalan anti - alkohol 579. Sang  
praboe pijambak paring toelada ng-  
emohi babar pisan inoeman keras.  
Taon 1929 pakempalan makaten wa-

oe sampoen mindak dados 1652, war-  
ganipoen langkoeng saking 200.000.  
Sampoen wonten 40 doesoan ing-  
kang ngawisi babar pisan tjang njadé  
inoeman keras, sawarnining inoeman.  
Sawatawis kapengker margi  
oesoelipoen Sho Nemoto wonten  
wet ngawisi tjang njadèni inoeman  
ingkang nama sake dateng tjang  
sangandapipoen 20 taoen. Taoen  
kapengker watesan samanten poe-  
nika kaesoelaken dados 25 taoen,  
nanging oesoel katoelak.

Toeladanipoen sang praboe an-  
dajani ageng sanget dateng kawoela.

**VARIA**

**TJLEMONGAN SAKING  
SOERAKARTA.**

**I. Congres-congresan!!**

Bèndjing wl. November „Pangrèh  
Pradja Bond” badé ngawontenaken  
congres ingkang wiwitan wonten  
ing Soerakarta. Tanggal lan dinten  
dèrèng katemtokaken!

Bèndjing Desember, B. O. lan  
V. B. P. G. H. B. èstoe ngawontenaken  
onderwijscongres! Februari P. G. H.  
B. lan Groepsbonden — congres!!

December „Indonesia Moeda”  
oegi badé ngawontenaken congres  
wonten ing Soerakarta!

**II. Kabar<sup>2</sup> saking „Pista Radja.”**

Gandèng kalijan Pahargjan katoer  
Sri Maha Radja Poetri Wilhelmina  
djangkep joeswa 50 taoen poenika  
para moerid-moerid ing sadaja  
pamoelangan Solo sami ngawonten-  
aken aubade ing Gouverneur.  
Moerid-moerid pam, Djawi sami  
njekar „Padmawitjira” katoentoen  
dèning sad. R. C. Hardjasoebrata.  
Sekaripoen saé sanget; Regent patih  
lan voorzitter aubade sub comité  
sami maringaken tarima kasihnja  
kanti persoonlijk, saha ngalem jèn

tembangipoen mila saé jektos! P. f.  
mijnheer!! Moerid-moerid pamoel-  
angan Wlandi sami menjanji „Wil-  
helmus lan Vlaggelied” katoentoen  
tw. Bolland! Moerid-moerid pam.  
Tjina inggih badé menjanji.

**III. Openbare vergadering „In-  
donesia Moeda.”**

Kala dinten Ngahad „I. M.” afd.  
Solo ngawontenaken propaganda-  
vergadering. Ingkang ndatengi ±  
tjang 500; wakil pakempalan pepak,  
kalebet oegi K. W.; wakil pers  
ndjirab. Lagoe Indonesia Raja ka-  
mirengaken kaping kalih! Wonten  
ing voorrede pangarsa njarijosaken  
bilih I. M. poenika „jeugdvereeni-  
ging” boten ngganda politiek. Sa-  
ladjengipoen nampi sesorahipoen  
sad. Poerwata, tjekak aos njarijos-  
aken wadjibing para moeda Indo-  
nesia; kaomè bakap-bapak sami  
actief, poenapa kaomè moeda mèn-  
del kémawon?? Njarijosaken reactie-  
reactie I. M. roemijin nalika taksih  
J. J., J. Batak, P. I., P. Soematra,  
sami soeboer-soeboer, nanging sa-  
reng dados satoenggaling, ladjeng ka-  
tah ingkang sami medal, djalaran  
katak ingkang sami adjrih, dipoen-  
wastani jèn ngganda politiek!  
Njarijosaken oenggoeling ra'jat In-  
donesia djaman roemijin, ing-  
kang maringi tilaran, Baraboedoer,  
Prambanan, kagoenan njerat, gam-  
melan l. s. p. nanging sapoenika sa-  
mi gesang memelas; sami mesak-  
aken! Damel critiek keras dateng  
wanita Indonesia ingkang sami  
„BOBBEDHAIR” makaten oegi  
prakawis main — tajoeb. nDorèng-  
aken prakawis pandidikan, saged  
katindakaken wonten ing pamoel-  
angan, pakempalan, pavinderij! Para  
moeda prajogi migatosaken bab  
poenika! „VAN SOLO BEGINT  
DE VICTORIE” makaten oeloek-

oeloekipoen spreker; djalaran inggih  
saking Solo poenika I. M. Sais, soem-  
bar ing poendi-poendi panggènan.

2e. Nampi sesorah saking Mej.  
Hannie Sarech saking Mataram.  
Spreekster tjekak aos njarijosaken  
bilih poetri-poetri Indonesia kanti koerban  
rekaos lan kekendelan ingkang ageng  
sanget, saged nempoeh pepalang-  
pepalang kolotisme. Roemijin poe-  
tri-poetri Indonesia, kènging kaoe-  
pamèkaken kalijan „retja ingkang  
dipoenpanganggèni” nanging sapoe-  
nika poetri<sup>2</sup> Indonesia sampoen pa-  
tjak baris wonten sakiwanipoen para  
moeda kakoeng, kanti njepengi ban-  
dèra K. I. M. (Kepoeterian Indonesia  
Moeda). Saha badé njamboet damel  
dengan keras mboektèkaken bilih  
I. M. nggadahi tjita-tjita loehoer,  
nanging sanès pakempalanipoen „si-  
njo-sinjo dan noni-noni” sahadjia.

N. B. Para maos! barisan poetri  
ingriki ingkang dipoenkadjengaken  
Inleidster i. p. bagéan I. M. dados  
sanès ingkang ngempal ing P. P. I. I.

3e. Lezingipoen Mr. Singgih!!  
Nenangi para moeda soepados saja  
madjeng. Reactie-reactie saking tjang  
sepoeh, ratjak katah ingkang margi  
tjanting sepoeh roemaos isin kawon  
lan tjanting enèm. Ngendikakaken bé-  
daning opvoeding ing pamoelangan  
lan ing sadjawining pamoelangan!  
Wadjibing para sepoeh kedah ndjagi  
para moeda; sampoen ngantos gan-  
droeng tjara kilénan, prajogi ingkang  
Indonesisch. Lan saladjengipoen on-  
derwijsstelsel sapoenika, boten no-  
tjogi kalijan ideaal poetera Indonesia;  
saha ngoewoeh-oewoeh kita kedah  
ndjagi gesanging kabangsan Indone-  
sia, gesanging ra'jat Indonesia.

Kirang langkoeng djam 1 pare-  
patan katoetoe mawi „Indonesia  
Raja.”

„Tjantrik Timoeran.”